

**LATIHAN SOAL KELAS 9 BAHASA SUNDA
TAHUN PELAJARAN 2022-2023**

NAMA : _____

KELAS : _____

Pilihlah Satu Jawaban A, B, C atau D yang Tepat!

1. Karya sastra wangun lancar anu dibukukeun tur miboga alur nu kompleks jeung aya sababaraha kajadian disebut ...
A. Carpon B. Novel C. Dongeng D. Puisi
2. Perhatikeun parnyataan dihandap ieu!
1) *Novel jeung carpon caritana teu asup akal*
2) *Novel jeung carpon caritana pendek*
3) *Novel jeung carpon sarua di bukukeun*
4) *Novel jeung carpon kaasup karya sastra*

Sasaruaan novel jeung carpon nyaeta nomer...
A. 1 C. 3
B. 2 D. 4
3. Pangarang Novel munggaran dina Sastra Sunda téh leuwih tiheula batan novel dina bahasa Indonésia, novel munggaran dina basa Sunda "Baruang ku nu Ngarora" dikarang ku?...
A. Samsodi C. Ahmad Bakrie
B. DK. Ardiwinata D. Taufik Fatturohman
4. Novel Baruang ka nu Ngarora mangrupa novel munggaran di tanah Sunda, ogé cikal bakal novel di Indonésia. Novel ieu ngamimitian dicetak dina taun
A. 1916 B. 1915 C. 1914 D. 1913
5. Unsur-unsur Novel.
1) *Tema* 4) *Galur*
2) *Prolog* 5) *Tokoh*
3) *Latar* 6) *Amanat*
Nu kaasup unsur-unsur intrinsik Novel nya eta...
A. 1, 2, 3 jeung 4 B. 2, 3, 4 jeung 5 C. 1, 3, 4 jeung 6 D. 2, 4, 5 jeung 6
6. Novel barudak nya éta novel anu diajukeun pikeun bacaan barudak, masalah anu dicaritakeunana raket patalina jeung kahirupan barudak. Nu **teu kaasup kana novel barudak** nya éta
A. Patepung di Bandung, karya Taufik Fatturohman
B. Béntang Lapang, karya RAF
C. Si Pasér, Samsodi
D. Kabayan jadi lebé, karya Ahmad Bakri

Sempalan Novel keur soal no.7 s/d 9

Miang Ka Bandung

Kira-kira tabuh lima, kuring geus anjeleu dina mobil. Kabagean diuk teh di tukang, dina luhureun tumpukkan karung beas. Mang Mahmud, diukna di hareup, ngarendeng jeung kang kosasih katilu sopir.

"Tah, silaing aya batur ngobrol ayeuna mah, Jana", Ceuk supir ka kenekna. Apal kuring ka Si Jana teh, budak ti Guranteng, ngan pedah wawuhna ukur saliwat.

"Kade silaing diukna sing ati-ati, Kondi, bisi ragrag!" ceuk Mang Mahmud. "Jeung kade deuih ulah nundutan!"

"Moal Mang", Cengkeh teh

.....

Kira-kira tabuh dalapan, Mobil geus cunduk ka pasar Ciroyom, Harita kenah muatanana dibongkar ku tukang kuli.

"Tah didieu Kondi tempat silaing teh," ceuk Mang Mahmud bari mukakeun panto salasahiji wawangunan tembok. Anu disebut Kios teh kira-kira ukuran Salapan meter pasagi. "Tempat sare silaing itu tuh di luhur."

7. Miang kamana si Kondi teh ?
A. Bandung B. Guranteng C. Tasik D. Ujungberung
8. Saha anu mere pagaeon ka si Kondi?
A. Jana B. Ahid C. Kang Kosasih D. Mang Mahmud
9. Boga Pagawean naon si Kondi Teh ?
A. Nungguan jongko cau C. Dagang Cau
B. Nungguan Jongko beas D. Nungguan jongko beubeutian
10. Gambar Sampul Novel Bahasa Sunda.

Novel "Patepung di Bandung" karangan Taufik Fatuhrohman ieu taun 1996 meunang Hadiah ti Yayasan Rancage. Nami panghargaan nya eta...

- A. Hadiah Sayembara Novel DKJ
- B. Kusala Sastra Khatulistiwa
- C. Hadiah Sastra Samsodi
- D. Penghargaan Badan Sastra Bahasa



Baca sempalan novel "Si Paser" di handap keur nomor 11-13

Rencana Papisah

Kira-Kira geus umur sataun, eta mencek teh geus mimiti bijil tanduk cagakna. Leutik, tapi seukeut pisan, mani mencos tungtungna teh. Tina gugusina luhurna geus bijil sihung, nyengklik kaluar kira-kira segede puhu nyere kawung.

Ayena mah jadi gagah pisan Si Paer teh. Ku Eson, tandukna ngahaja sok diulasan ku minyak kalapa, ngarah herang. Salian ti eta, ayeuna mah geus te sieuneun ku anjing deuih. Lamun aya anjing nyampeurkeun bari ngagogog, Si Paser tara terus lumpat, tapi kalah terus dangah bari sukuna kokoer.


....

Dina hiji poe Pa yeye kasemahan ku juru tulis desa. Maksudna taya lian rek nanyakeun ngeunaan mencek kukutan Eson. Pedah cenah geus sumebar beja yen di Cikoneng aya anu ngukut mencek.

"Memang enya, Jang Ulis, budak Akang anu miara mencek the," ceuk Pa Yeye. Terus wae dicaritakeun riwayat Si Paser ti mimiti kapanggihna. Henteu ngahaja miara, cek Pa Yeye, tapi timu ti kebon mimitina mah. Jeung tibatan paeh direweg anjing, mending dikukut di imah.

11. Saha tokoh utama dina sempalan novel diluhur teh?
A. Pa Yeye C. Eson
B. Imas D. Juru Tulis
12. Dimana latar carita diluhur teh?
A. di perkotaan C. di gunung
B. di pilemburan D. di leuweung
13. Ti mana Eson meunang mencek teh?
A. ti kebon C. ti leuweng
B. ti lembur D. ti Kebon Binatang
14. Rarangken anu miboga fungsi ngarobah kecap dasar anu bentuk na kecap benda, kecap kerja jadi boga harti piwarang (menyuruh) jeung jadi kecap sifat, nyaeta?...
A. Rarangken - ar- C. Rarangken ng-
B. Rarangken - an D. Rarangken pang-na

15. Di hadap mangrupikeun kalimah nu gunakeun rarangken –an nu boga jadi harti piwarang (menyuruh) nya eta...
- A. *Gantungan* boneka teh meuni alus C. *Wadahan* atuh kue teh kana piring
B. Si Asep mah budakna *daekan* D. Jadi budak mah ulah *eraan*
16. Carita atawa lakon diwujudkeun dina paguneman, maksudna pikeun dipintonkeun disebut
- A. Monolog C. epilog
B. Drama D. dialog
17. Sagala katerangan atawa petunjuk anu aya kaitanana jeung waktu, ruang, suasana jeung situasi kajadian hiji peristiwa dina drama, di sebut...
- A. Adegan C. Latar
B. Kaayaan D. Tema
18. Di handap ieu runtuyan struktur manggungkeun drama anu merenah nya eta...
- A. Nyadiakeun naskah drama, nangtukeun sutradara, nangtukeun aktor jeung aktris, latihan, manggung.
B. Nangtukeun sutradara, nangtukeun aktor jeung aktris, nulis naskah, latihan, manggung
C. Nangtukeun aktor jeung aktris, nyusun naskah, nangtukeun sutradara, latihan, manggung
D. Manggung, nangtukeun sutradara, nangtukeun aktor jeung aktris, latihan, nyusun naskah
19. Perhatikeun diagram galur drama di handap.



- Titenan gambarna di luhur, dina galur carita drama, *lebah tanda tanya* disebut
- A. Éksposis B. Komplikasi C. Antiklimaks D. Klimaks
20. Runtuyan carita anu dibentuk ku tahapan-tahapan kajadian nu aya nepi ka ngabentuk hiji carita nya eta...
- A. Tema B. Latar C. Galur D. Amanat
21. Naon anu dimaksud jejer di drama teh....
- A. rangkayan carita C. ide poko carita
B. nerangkeun tempat D. amanat
22. Perhatikeun prolog jeung epilog drama “*Hukum Gantung Sampe Mati*” di handap.
- Suasana di rohangan pengadilan jaman baheula. Hakim diukna di tengah, nyanghareupan meja hejo. Di beulah katuhu diuk jurutulis. Dibeulah kenca ngajega Logojo. Awewe (Ibu) tengah tuwuh asup rurusuhan, terus mangadep ka jurutulis.
 - Logojo jeung awewe(ibu) tengah tuwuh kaluar ti rohangan siding. Teu kungsi lila geus asup deui bari ngiringkeun nu boga imah. Langsung sina diuk dina korsi hareupeun hakim.
 - Logojo kaluar dibarengan ku boga imah. Si ibu diuk nungguan. Teu kungsi lila logojo jeung nu boga imah geus datang deui bari ngiringkeun tukang kayu.
 - Juru tulis jeung tukang kayu kaluar. Anu boga imah diuk gigireun si ibu.
 - Juru tulis jeung tukang kayu asup deui, ngiringkeun mojang dibaju hejo
 - Hakim nangtung, terus indit. Tapi barang rek kaluar, gancang asup deui, terus nyarita ka logojo.
 - Logojo ngabelehem, terus rurusuhan indit, bari metot leungen mojang. Tukang kayu diuk gigireun nu boga imah. Teu kungsi lila logojo jeung mojang geus dating deui, bari ngiringkeun tukang celep.
 - Tukang celep dipaksa dibawa kaluar ku logojo.
 - Si Ibu, nu boga imah, tukang kayu, jeung mojang unggeuk-unggeukan.

Latar tempat carita dina drama "*Hukum Gantung Sampai Mati*" teh nya eta di...

- A. Imah nu beunghar
- B. Imah tukang celep
- C. Pangadilan
- D. alun-alun

23. Lamun nempo kana eusina, naskah drama "*Hukum Gantung Sampai Mati*" teh kagolongkeun kana drama...

- A. Komedi
- B. Romantis
- C. Horor
- D. Melankolis

24. Najan (Meskipun) eusina lucu, saenyana naskah drama "*Hukum Gantung Sampai Mati*" teh eusina mangrupa sindiran pikeun...

- A. maling-maling anu nasibna sial, nya eta paeh waktu keur maling
- B. aparat hokum anu bodo, teu bias ngabedakeun mana anu salah mana anu bener.
- C. Aparat anu sok ngulinkeun (mempermainkan) Hukum keur kapentinganana pribadi
- D. Rahayat anus sok ngalaporkeun kasus kajahatan

25. Baca kalimah di handap!

- 1) Resep ka neng Shinta mah, budakna teh *amis budi*.
- 2) Semangka teh *amis rasana*.
- 3) Manehna teh *bentang lapangan* Persib.
- 4) Manehna keur *neuteup bentang* nu caang.

Kalimah di luhur nu bermakna konotatif nyaeta...

- A. 1 dan 2
- B. 1 dan 3
- C. 2 dan 3
- D. 3 dan 4